

## BAB I

### BUBUKA

#### 1.1 Kasang Tukang

Kumpulan manusa anu cicing di hiji wewengkon sarta maranéhna ngalakukeun interaksi atawa campur gaul jeung manusa lianna disebut masarakat. Unggal kelompok masarakat tangtu miboga kabudayaan séwang-séwangan anu ngabédakeun manéhna jeung kelompok masarakat lianna.

Kabudayaan nurutkeun élmu antropologi nya éta sakabéh sistem gagasan, tindakan sarta hasil karya manusa dina kahirupan masarakat nu dipimilik manusa ku cara diajar (Koentjaraningrat, 2009: 144). Sedengkeun nurutkeun Keontjaraningrat (2009: 146), kabudayaan mangrupa hasil tina cipta, karsa, jeung rasa. Jadi, kabudayaan mangrupa sakabéh hasil karya, cipta manusa (tindakan, norma, adat-istiadat, artéfak jrrd.) di masarakat anu dibeunangkeun tina prosés diajar.

Dina kabudayaan aya nu disebut unsur-unsur kabudayaan universal atau *culture universal*. Istilah universal éta ngébréhkeun yén unsur-unsurna miboga sipat universal, aya jeung bisa kapanggih dina sakabéh kabudayaan tina sakabéh bangsa di dunya. Éta unsur-unsur kabudayaan ngawengku: basa, sistem pangaweruh, organisasi sozial/kamasarakatan, sistem pakakas hirup jeung téhnologi, sistem pakasaban, sistem réligi, sarta kasenian (Koentjaraningrat, 2009: 165). Dina unsur-unsur universal kabudayaan éta, nu nyekel peran pangpentingna di masarakat nya éta basa.

Basa téh minangka alat komunikasi manusa dina hirup kumbuhna di masarakat. Ku ayana basa, manusa bisa ngedalkeun atawa ngébréhkeun rasa, pikiran, jeung kahayang dina hirup kumbuh sapopoé. Lian ti éta, nurutkeun Halliday (1973) dina (Sudaryat, 2004: 17) basa ogé miboga fungsi imajinatif pikeun ngébréhkeun rasa émosi nu sipatna éndah (éstétis) tur imajinatif. Fungsi imajinatif basa biasana katémbong dina karya sastra.

Karya sastra nya éta karya seni anu digelarkeunana ngagunakeun alat basa. Nilik kana wangunna, karya sastra Sunda bisa dibagi tilu golongan nya éta: prosa

atawa wangun lancaran, puisi atawa wangun ugeran, jeung carita drama. Dumasar kana warna karanganana, (a) prosa téh ngawengku: dongéng, skétsa, carita pondok, roman atawa novél; (b) puisi ngawengku: puisi anu ngawujud carita/naratip (carita pantun jeung wawacan) jeung teu naratip (puisi mantra, kakawihan, sisindiran, sa'ir, guguritan, sajak); (c) drama nu ngawengku: rupa-rupa carita drama dina unggara dialog wanda prosa jeung unggara dialaog wanda puisi (kawih, tembang). Sedengkeun nilik kana médiana, aya sastra lisan jeung sastra tinulis. Sastra lisan nya éta sastra anu hirupna (tumuuhna, mekarna, jeung sumebarna) dina média lisan, sakurang-kurang dina mangsana. Sabalikna, sastra tinulis nya éta anu hirupna dina média tulis (Iskandarwassid, 2003: 138).

Dina élmu folklor aya ogé nu disebut sastra lisan. Sastra lisan atawa kasusastraan lisan nya éta kasusastraan nu ngawengku éksprési kasusastraan warga hiji kabudayaan anu sumebar jeung turun-tumurun sacara lisan (Hutomo, 1991: 60). Sastra lisan éta miboga cicirén di antarana: 1) sumebar ngaliwatan baham; 2) ayana di masarakat nu miboga corak désa; 3) ngagambarkeun cicirén budaya hiji masarakat; 4) teu dipikanyaho saha nu ngarangna; 5) miboga corak puitis, teratur, jeung diulang-ulang; 6) aya sababaraha vérsi; 7) basa (ngagunakeun gaya basa lisan, ngandung dialék, jarang diucapkeun lengkep).

*Genre* sastra lisan ngawengku sastra lisan anu lisan (murni), jeung sastra lisan satengah lisan. Sastra lisan murni nya éta sastra lisan anu diucapkeun sacara lisan contona puisi mantra anu aya dina kasusastraan buhun Sunda.

Iskandarwassid (2003:118) nétélakeun yén puisi nya éta wanda basa karangan anu rakitanana biasana mah pinuh ku wirahma, kauger ku wanguunna jeung diksina, lain dina unggara kalimah cara basa sapopoé atawa cara wangun prosa. Kitu deui mantra, Iskandarwassid nétélakeun yén mantra téh warnaning puisi (ugeran) buhun (tradisional) anu eusina jajampéan, jangjawukan, parancah, singlar, asihan, jsté.

Mantra téh kaasup puisi buhun anu teu ngawujud carita (naratif) sarta sumebarna sacara lisan. Dina kahirupan masarakat baheula mantra raket patalina jeung kahirupan agama sarta kapercayaan masarakatna. Mantra mangrupa doa

husus anu ditepikeun ngagunakeun basa sarta miboga maksud nu tangtu. Mantra bakal miboga kakuatan gaib lamun dina ngucapkeunana maké ritual husus.

Ngagunakeun mantra teu sagawayah, tapi aya padikana. Tujuan makéna mantra ogé rupa-rupa. Kitu deui, jalma nu ngagunakeun mantra kudu nyumponan sarat nu tangtu anu geus ditangtukeun ku nu dianggap ngawasa mantra.

Mantra bisa tetep aya, mekar, atawa bisa ogé tumpur, luyu jeung kahirupan manusa nu makéna. Masarakat nu ngagunakeun mantra keur tujuan magis kiwari geus teu pati réa. Kitu deui nu miboga mantrana ngan ukur golongan kolot, da nu ngora mah langka pisan. Saenya mantra mangrupa bagian tina budaya jeung sastra daerah anu perlu diriksa jeung dimumulé, lantaran éta téh salahihiji titinggal budaya karuhun anu luhung ajénna.

Pikeun ngariksa jeung ngamumulé kabudayaan daerah, *Undang-Undang Dasar 1945* dina BAB XIII Pasal 32 Ayat 1 jeung 2 nandeskeun yén:

*“(1) Negara memajukan kebudayaan nasional Indonesia di tengah peradaban dunia dengan menjamin kebebasan masyarakat dalam memelihara dan mengembangkan nilai-nilai budayanya; (2) Negara menghormati dan memelihara bahasa daerah sebagai kekayaan budaya nasional.”*

Salasihiji tarékah pikeun ngamumulé budaya daerah pangpangna anu mangrupa sastra lisan nya éta ku cara ngayakeun panalungtikan. Ku ayana panalungtikan, sastra lisan baris didokuméntasikeun dina wangan tinulis tur bisa dianalisis nepi ka bisa kanyahoan struktur pangwangunna. Sanggeus didokuméntasikeun sarta dianalisis struktur pangwangunna, éta data bisa digunakeun pikeun bahan pangajaran husuna pangajaran aprésiasi puisi.

Aya sababaraha hasil panalungtikan ngeunaan mantra nu geus aya di antarana: *Bagbagan Puisi Mantra Sunda* meunang Rus Rusyana (1970); *Puisi Mantra pikeun Bahan Pangjaran Aprésiasi Sastra Sunda di SMP* meunang Lina Herlinawati (1997); *Puisi Mantra di Kecamatan Nagrak Kabupaten Sukabumi: Analisis Deskriptif Teks jeung Konteks* meunang Retty Isnendes (1998); *Analisis Puisi Mantra di Désa Malati Kecamatan Naringgul Kabupaten Cianjur* meunang Dadang Gunawan (2004); *Puisi Mantra di Kampung Ciarileu Kecamatan Cikajang Kabupaten Garut: Invéntarisasi jeung Analisis Ajén Estétis Struktur* meunang Aneu Nurlela (2008).

Tina sababaraha judul panalungtikan di luhur can pati réa panalungtikan anu matalikeun antara puisi mantra jeung pangajaran sarta can aya panalungtikan nu dilakukeun di Désa Cengal, Kacamatan Japara, Kabupatén Kuningan. Ku kituna, ieu panalungtikan perlu pisan dilaksanakeun, sanajan geus aya panalungtikan saméméhna, tapi aweuhan katut wewengkonna bédá katut mudah-mudahan bisa leuwih jero jeung teleb.

## **1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Watesan masalah**

Luyu jeung kasang tukang, masalah dina ieu panalungtikan téh ngeunaan puisi mantra. Sangkan pedaran henteu méngpar jeung teu lega teuing ambahana, masalah dina ieu panalungtikan baris diwatesanan ngeunaan ulikan sacara struktural puisi mantra di Désa Cengal, Kacamatan Japara, Kabupatén Kuningan dipatalikeun jeung bahan pangajaran aprésiasi puisi di SMA.

### **1.2.2 Rumusan masalah**

Dumasar kana kasang tukang jeung watesan masalah di luhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun patalékan ieu di handap:

- 1) Aya sababaraha puisi mantra anu kapanggih di Désa Cengal, Kacamatan Japara, Kabupatén Kuningan sarta kumaha wincikan éta puisi mantra dumasar jenis-jenisna?
- 2) Kumaha struktur (eusi, basa, purwakanti, wangun jeung wirahma, pencitraan) puisi mantra di Désa Cengal, Kacamatan Japara, Kabupatén Kuningan?
- 3) Puisi mantra ti Désa Cengal, Kacamatan Japara, Kabupatén Kuningan nu mana nu bisa dijadikeun bahan pangajaran aprésiasi puisi di SMA?

## **1.3 Tujuan Panalungtikan**

Tujuan dina ieu panalungtikan téh nya éta ngawengku:

### **1.3.1 Tujuan Umum**

Panalungtikan ngeunaan puisi mantra anu dianalisis sacara struktural miboga tujuan nya éta pikeun miara jeung ngamumulé hasil karancagéan

masarakat Sunda jaman bihari hususna karya sastra, sangkan kanyahoan tur bisa diaprésiasi ku masarakat mangsa kiwari, sarta pikeun dipilih tur dijadikeun bahan pangajaran aprésiasi puisi di SMA.

### **1.3.2 Tujuan Husus**

- 1) Ngumpulkeun jeung ngadokuméntasikeun puisi mantra di Désa Cengal Kacamatan Japara Kabupatén Kuningan sarta mikanyaho jenis puisi mantra nu geus dikumpulkeun;
- 2) Ngadéskripsikeun struktur (eusi, basa, purwakanti, wngun jeung wirahma, pencitraan) puisi mantra di Désa Cengal Kacamatan Japara Kabupatén Kuningan;
- 3) Nangtukeun puisi mantra nu mana nu bisa dijadikeun bahan pangajaran aprésiasi puisi.

## **1.4 Mangpaat Panalungtikan**

### **1.4.1 Mangpaat Tioritis**

Sacara tioritis ieu panalungtikan téh miboga mangpaat pikeun nambahana élmu pangaweruh ngeunaan puisi mantra hususna dina analisis struktural puisi mantra éta sorangan.

### **1.4.2 Mangpaat Praktis**

- 1) Pikeun dunya pangajaran, bisa dijadikeun salahiji bahan pangajaran di sakola;
- 2) Pikeun masarakat, sangkan teu mopohokeun tittinggal budaya karuhun, tur bisa ngaprésiasi éta tittinggal budaya karuhun;
- 3) Pikeun nu nalungtik, bisa dijadikeun bahan babandingan dina medar jeung ngaguar karya sastra Sunda hususna ngeunaan puisi mantra.

## **1.5 Rangkay Panulisan Skripsi**

Rangkay panulisan skripsi eusina ngeunaan wincikan runtuyan tulisan tina unggal bab jeung bagian bab, ti mimiti bab hiji nepi ka bab ahir.

BAB I: bubuka eusina pedaran ngeunaan kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, sarta rangkay panulisan skripsi.

BAB II: kajian pustaka eusina pedaran tiori-tiori atawa bahasan ngeunaan hal anu aya pakuat-pakaitna jeung panalungtikan anu dilaksanakeun nu ngawengku: wangenan puisi, mantra (wangenan mantra, tujuan mantra, papasingan mantra), analisis struktural (eus, basa, purwakanti, wangun jeung wirahma, pencitraan) jeung bahan pangajaran aprésiasi puisi (wangenan bahan pangajaran, tujuan pangajaran, kriteria nyieun bahan pangajaran, nyusun bahan pangajaran, SKKD pangajaran basa jeung sastra Sunda).

BAB III: métodelogi panalungtikan eusina pedaran ngeunaan métode panalungtikan anu ngawengku: lokasi panalungtikan, sumber data, jeung data panalungtikan, métode panalungtikan, téhnik panalungtikan, instrumén panalungtikan, désain panalungtikan, jeung wangenan oprasional.

BAB IV: hasil panalungtikan jeung pedaran eusina kumpulan data hasil panalungtikan sarta analisi ngeunaan data hasil panalungtikan.

BAB V: kacindekan jeung saran ngébréhkeun tapsiran nu nalungtik kana hasil analisis data panalungtikan.